



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA BROWN AK KOMISYON MEMORYAL 14/05 LAN  
ANONSE DEMANN POU SOUMISYON POU KONSÈP KONSEPSYON YON  
MEMORYAL PÈMANAN**

*Demann pou Soumisyon pou konsèp konsepsyon se pwochen etap nan kanpay angajman piblik*

*Gade Demann pou Soumisyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Byron W. Brown, ak Komisyon Memoryal 14/05 (5/14 Memorial Commission) la te anonse jodi a yon Demann Soumisyon pou konsèp konsepsyon yon Memoryal 14/05 pèmanan. Komisyon an ap chèche moun ki gen tout laj ak tout oriin pou soumèt lide pou konsèp konsepsyon yo. Demann pou soumisyon yo pral genyen yon pwosesis de etap: Premye pati a se yon soumèt ouvè pou idantifye konsèp jeneral ak prensipal konseptè potansyèl pou memoryal la. Yo pral chwazi yon ti lis moun ki reponn yo pou soumèt konsepsyon final pa yo ak konsiderasyon pou kondisyon sit aktyèl la ak estimasyon pri pwofesyonèl yo.

"Nou p ap janm bliye dis vwazen nou yo nan Buffalo ke yo te touye san sans sèlman akòz koulè po yo, epi nou rete fèm nan angajman nou pou sipòte kominote East Buffalo a pandan I ap kontinye geri anba zak laterè rasis terib sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye Majistra Brown, manm Komisyon Memoryal 14/05 yo ak piblik la pou efò kontinyèl yo fè pou onore lavi ak eritaj moun nou te pèdi yo ansanm ak tout moun ki nan kominote a ki te afekte pa trajedi sa a."

**Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare,** "Depi nan kòmansman pwosesis sa a, objektif nou se pou kreye yon memoryal vivan ki onore lavi yo te retire ak lavi ki afekte pa vye zak rayisans sa a. Mwen pa ka tann pou m wè yo soumèt tout konsèp konsepsyon piblik la. Mwen fyè de travay Komisyon Memoryal 14/05 la te fè pandan kèk mwa sa yo pou kreye yon memoryal ki reflete volonte fanmi yo ak kominote a."

Y ap aksepte soumisyono apati 1e novam jiska 1e desam 2023. Yo pral revize soumisyon Pati 1 yo, epi yo pral chwazi moun ke yo preselesksyone pou patisipe nan Pati 2 nan pwosesis la anvan 23 janvye 2024. Ou ka wè demann pou soumisyon an [isit la](#).

**Prezidan Komisyón Memoryal 14/05 lan, Reveran Mark E. Blue, te deklare**, "Nou vrèman eksite sou pwogrè nou te fè jiskaprezan, epi nou pa ka tann pou nou wè lide konsepsyon yo vini. Mwen rekonesan anvè biblik la dèské nou te patisipe nan evènman angajman kominotè nou yo epi pou patisipe nan sondaj nou an."

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul, Majistra Brown ak Komisyón Memoryal 14/05 [te anonse](#) kòmansman kanpay angajman biblik la, ki te enkli reyinyon biblik ak yon sondaj kominotè. Sondaj kominotè 14/05 Memoryal la toujou ouvri epi li bay biblik la yon chans pou pataje panse ak santiman sou karakteristik ak eleman ki enkli nan Memoryal 14/05 lan. Li pral louvri jiska 1e novanm. Pou plis enfòmasyon sou Komisyón Memoryal 14/05 lan ak sondaj 14/05 lan vizite [www.514memorial.com](http://www.514memorial.com).

### **Komisyón Memoryal 14/05 lan**

Gouvènè Hochul ak Majistra Byron Brown te [kreye](#) komisyón an nan mwa oktòb 2022 pou reponn ak fiziyad masif nan yon Tops Friendly Market nan Jefferson Avenue an me 2022. Komisyón Memoryal 14/05 la gen onz manm, senk nonmen pa Gouvènè a, senk nonmen pa Majistra Vil Buffalo Brown, ak yon prezidan ki nonmen ansanm pa tou de. Prezidan Buffalo NAACP la, Reveran Mark E. Blue, ap sèvi kòm Prezidan Komisyón an ak lòt manm ki gen ladan manm fanmi viktim yo ak sivivan yo, rezidan yo, atis lokal yo, ak lidè biznis yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)